

Efè segondè Vaksen COVID-19 yo: Kisa w Dwe Atann



Tout moun ki gen sis (6) mwa oswa plis ta dwe pran omwen yon dòz vaksen COVID-19 2024-2025 lan.

Moun yo ka pran yon vaksen kont COVID-19 ansanm ak lòt vaksen, san wete vaksen kont grip.

Vaksen yo ka gen efè segondè ki ka varye selon moun nan. Yo ka kòmanse kèk jou apre enjeksyon an men jeneralman yo konn fèb epi yo ka parèt tankou: *



- Doulè, gonfleman, bra oswa janm yo te fè enjeksyon an ka gen woujè.
- Fatig
- Anvi dòmi, pa mal pou fache/kriye ak pèt apeti **
- Lafyèv/frison
- Tèt fè mal
- Doulè nan misk oswa jwenti
- Kè plen / vomisman
- Gangliyon lenfatik yo ki anfle

* Yo plis jwenn efè segondè yo apre dòz anplis kay moun ki gen soti 4 pou rive 17 lane.
** Li konn rive pi souvan kay timoun 6 mwa jiska 3 lane



- Kontakte founisè swen sante w si woujè oswa sansibilite kote yo te bay vaksen an vin pi mal apre 24 èdtan oswa si efè segondè yo pa disparèt apre kèk jou.
- **Menm si reyaksyon grav yo, tankou difikilte pou respire konn ra, rele 911 si w panse oumenm oswa timoun ou an gen reyaksyon alèjik ki grav.**

Pou plis enfòmasyon, vizite [cdc.gov/covid/vaccines/getting-your-covid-19-vaccine.html](https://www.cdc.gov/covid/vaccines/getting-your-covid-19-vaccine.html)

Pou jwenn vaksen gratis ak kote y ap bay vaksen yo, vizite [nj.gov/health/vaccines/covid-19](https://www.nj.gov/health/vaccines/covid-19) or scan the QR code. Ou kapab vizite tou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov).

